Ordinateer yi nu leen jagleel

Lu tollu ci 700 ordinateer, ku ne man ko jëriñoo, jagleel nanu leen ko ci biir bibiliyotegu gox yi. Yu leen di may ngeen man a dugg te doo fay ci enternet bu am kaarange ak ci ay pexe (mel ne defar aw xët, jekjekkalat nataal), yu yellook way jefandiku gi (muy ay xale walla mag)

Ordinateer yi ku ne man a jëriñoo

Ñeel ñiy jaar jàll

Ordinateer yiy nu jagleel ñiy jaar jàll te jëfandiku gi du nu yemale ko 15 minit manees la nu leen jëriñoo ci laajul bindu ci Bibiliyotegu Pari yi.

Lu ñeel ñi bindu

Nu ngi jagleel ordinateer yi ñi seen kartu bindu jeexagul. Ordianteer « mag ñi » ku am 12 at moo leen man a laal. Ordinateer yu « Ndaw ñi » ñi am lu ëpp 18 manu leen a laal.

Xamle sa bopp

Xameekaay bi mooy nimero way jëfandinku bi nekk ci sa kartu bopp bi la bibiliyoteg bi jox bi ngay bindu. Baatu jalle bi mooy sa bésu judd ci mbidin jjmmaaaa (misaal 16021979)

Diirub jëfandiku

Ay diiru jëfandiku teg nanu ko :
- lu dalee ci 12 at : 2 waxtu ci bés dalee ko ci talaata ba dimaas
- ñi am lu matul 12 at : 1 waxtu bés bu ne, dale ko ci talaata ba dimaas

Ngir nga mana dencul am ordinateer

Li dalee ci oton 2015, ag kureel guy toppatoo denculi gi ci ordinateer dananu ko taxawal ci lenn ci bibiliyoteg yi. Dana wone seen lim ci xët wi. Ordinateer yi nu man a denculu danuy des di jëriñ nit ñi ci lu dul denculu, te nekk ci anami jëfandiku yi.
Manees naa denculu ordinateer lu jiitu 14 fan.
⚠ 3 denculu yu nu fonkul ci diirub 4 ayu bés yu jeex dana waral nu aj la ab diir doo mana jote ci ordinateer yi
Ngir nga am ci lu ;la gëna leer, laajal sa bibiliyoteg.

fànn yi

fànni liggeey yu nu amal ci ordinateer bokk na ci :
- Jokku ci enternet bu am kaarange te am doole
- Ay pexe ci mbirum biro ngir bataaxal, ay tablo, ak ñoom seen. (top LibreOffice)
- Ak yeneen pexe ci ordinateer ci fànn yu bari (dessine, laalaat nataal, misig, widewoo, mbiru jànt ak weer ak bidéw, mbiru simi)

Manees naa denc sab liggeey ci caabi USB walla ci sa adareesu meel. Amun nu empirmant

Baatu digge bu way jëfandiku ci ordinateer yi nu jagleel **ñépp ci biir Pari**

Ordinateer yi bokk nañu ci li Dëkku Pari bi ,digge woon, way j¨fandiku yi war nanu sammonteek yoon wi nu fa tëral.

Sàkku nanu ci nit ki mu sàmm materyel bi nu ko jagleel, rawatina yu woyof yi demee ne ekaraa bi, kalawiye bi, suuri bi ak kaske bi.

Ci ordinateer yépp, nit ,waruta :

- Roof walla di roppi buum yiy lëkkale ordinateer yi ;
- Jéema konekte materyelu boppam ci ordinateer bi, ba mu des caabi USB ci bën-bën bi nu jagleel ak benn kaske dëglukaay ci piriisu jack bi nu jagleel ;
- Jéema sopparñi, ak nu mu mana deme,ni nu tërale mbir ci biir ordinateer bi ;
- Jéema yeg ci ay mbir yu bokkul ak yi bibiliyoteg bi di joxe ;
- Di jéema dugal aka doxal ay poroparaam informatig yu bokkul ak yi nu fa def ;
- Jéema yeg ci yennen mbir yi nu jokkaleek ordinateer bi nu la jagleel ;
- Jéeema jéggi matukaay yiy segg mbir yi.

Ci ordinateer yiy and ak xamle sa bopp, nit ki waruta :

- Jëfandikoo xammekaayu keneen
- May keneen muy jëfandikoo sa xamekaay
- Di ñaan nu tegal la geneen yombal te àdul ak waññeeku ci sa dégg walla ci sag gis

Ci ordinateer yiy andul ak xamle sa bopp, nit ki dafa wara, saa yu jeexale diir bi nu jagleel, bayyi post bi ngir ki topp ci moom.

Yoon ak Doxaliin

Ci nekkam gi mu nekk di sistem enformatig, jokkoo gi ci xarala yu yees yu Pari danu koo gaala ay yoon ak ay doxaliin yoo xam ne ku ko jéggi yoon man naa dal sa kaw, dale ko ci teg la looy fay ba ci tëj la kaso.
Nungi fàttali ne yoon yooyu mi ngi ñeel ñu mel ni :

- Aar ñi matagul : bibliyotegu Pari kom danu leen a ubbi ngir ñépp, tere nau fa kuy xool ay béréb yuy lore, yaqu ci wàllu sëy walla lu man a yàq ak nite te xale man koo xool. Rawatina nak ay béréb yu mel noonu ba pare di ci wane ay xale yooyu teg nanu c iay daan (artgal 227-23 ak 227-24 yu kod penaal)

- Foroot bi ci enformatig bi : » lu aju ci dugg walla toog ci lu nu la mayul ci biir benn walla lenn ci ab sistem (..) lu mell gàllankoor walla yàq doxinu ab sistem (…), lu mel ne dugal, dindi walla soppi ay mbir ci lu dul yoon » yooyu yépp ay deli la. « jéem ko it ab deli bu teg daan yu toloog ñoom » (artigal 323-1 ba 7 ci kod penaal)

- Foroot ci enformatig : « nga dugg walla toog fa ci ludul yoon

- Moomeelu defarkat yi : yoon wiy samm moomeelu xelteg yoon ci kaw kiy sotti ak képp kuy yàq moomeelu way defar ji. Lu weesu jëfandikoo ci sa soxlay bopp, bépp jëfandikoo ci mbir mu nu defar walla nu xalaat ko lu boroom àndul lewul.

Càmbar ni nuy jëfandikoo ordinateer yi ak doxaliinu way jëfandiku yi

Ab way jëfandiku bu toppul yoon yii walla mu ciy jéema jàdda leen manees na koo tere laal post yi nu ,jagleel nit ñi walla dugg ci bibliyotegu Pari yi ci lu dàqul yeneeni daan yu nu man a sàkku ci kawam (bind plent)